



# Lis kontwòl jèn Tibebe-CSBS DP Timoun Piti

Non timoun nan: \_\_\_\_\_ Dat Nesans: \_\_\_\_\_ Dat li ranpli: \_\_\_\_\_

Èske timoun nan te fèt anvan lè? \_\_\_\_\_ Si wi, konbyen semèn li te fèt anvan lè? \_\_\_\_\_

Moun ki ranpli an se: \_\_\_\_\_ Relasyon avèk timoun nan: \_\_\_\_\_

**Esplikasyon pou moun k ap bay swen:** Yo fè lis kontwòl sa a pou idantifye diferan aspè nan devlopman kay tibebe ak timoun piti. Anpil konpòtman ki devlope anvan timoun yo pale gendwa endike si wi ou non yon timoun ap gen difikilte pou l aprann pale. Yon moun k ap bay swen dwe ranpli lis kontwòl sa a lè timoun lan gen **laj ant 6 ak 24 mwa** pou detèmine si li nesèsè pou fè yon referans pou yon evalyasyon. Moun k ap bay swen an kapab swa yon paran oswa yon lòt moun ki okipe timoun nan chak jou. Tanpri, tcheke tout chwa ki dekri konpòtman timoun ou an pi byen. Si w gen dout, tanpri chwazi repons ki pi egzat la dapre eksperyans ou. **Timoun nan laj pitit ou an pa oblije nesèsèman itilize tout konpòtman ki endike yo.**

## Emosyon ak Rega

- |  |                               |                                |                                 |
|--|-------------------------------|--------------------------------|---------------------------------|
| 1. Èske w konnen lè pitit ou kontan ak lè pitit ou fache?  | <input type="checkbox"/> Poko | <input type="checkbox"/> Pafwa | <input type="checkbox"/> Souvan |
| 2. Lè pitit ou ap jwe avèk jwèt yo, èske li gade ou pou wè si w ap gade?                           | <input type="checkbox"/> Poko | <input type="checkbox"/> Pafwa | <input type="checkbox"/> Souvan |
| 3. Èske pitit ou souri oswa ri pandan l ap gade w?   | <input type="checkbox"/> Poko | <input type="checkbox"/> Pafwa | <input type="checkbox"/> Souvan |
| 4. Lè ou gade yon jwèt ki nan chanm nan ak lè ou lonje dwèt ou sou li, èske pitit ou gade jwèt la? | <input type="checkbox"/> Poko | <input type="checkbox"/> Pafwa | <input type="checkbox"/> Souvan |

## Kominikasyon

- |   |                               |                                |                                 |
|---|-------------------------------|--------------------------------|---------------------------------|
| 5. Èske pitit ou fè ou konnen li bezwen èd oswa li vle yon objè li pa ka rive jwenn?  | <input type="checkbox"/> Poko | <input type="checkbox"/> Pafwa | <input type="checkbox"/> Souvan |
| 6. Lè ou pa pote atansyon w sou pitit ou, èske li eseye attire atansyon w?  | <input type="checkbox"/> Poko | <input type="checkbox"/> Pafwa | <input type="checkbox"/> Souvan |
| 7. Èske pitit ou fè bagay jis pou fè w ri?  | <input type="checkbox"/> Poko | <input type="checkbox"/> Pafwa | <input type="checkbox"/> Souvan |
| 8. Èske pitit ou eseye fè ou remake objè ki enterese li yo—senpleman pou fè ou gade objè yo, pa pou fè w fè okenn bagay avèk objè yo? | <input type="checkbox"/> Poko | <input type="checkbox"/> Pafwa | <input type="checkbox"/> Souvan |

## Jès

- |   |                               |                                |                                 |
|---|-------------------------------|--------------------------------|---------------------------------|
| 9. Èske pitit ou ranmase objè epi li ba w objè yo?      | <input type="checkbox"/> Poko | <input type="checkbox"/> Pafwa | <input type="checkbox"/> Souvan |
| 10. Èske pitit ou montre w objè san li pa ba ou objè a? | <input type="checkbox"/> Poko | <input type="checkbox"/> Pafwa | <input type="checkbox"/> Souvan |
| 11. Èske pitit ou ajite men pou salye moun?             | <input type="checkbox"/> Poko | <input type="checkbox"/> Pafwa | <input type="checkbox"/> Souvan |
| 12. Èske pitit ou lonje dwèt sou objè?                  | <input type="checkbox"/> Poko | <input type="checkbox"/> Pafwa | <input type="checkbox"/> Souvan |
| 13. Èske pitit ou souke tèt li pou endike wi?           | <input type="checkbox"/> Poko | <input type="checkbox"/> Pafwa | <input type="checkbox"/> Souvan |

## Son

- |  |                                |                                |                                 |                              |                                      |
|--|--------------------------------|--------------------------------|---------------------------------|------------------------------|--------------------------------------|
| 14. Èske pitit ou itilize son oswa mo pou atire atansyon oswa pou jwenn èd?                                | <input type="checkbox"/> Poko  | <input type="checkbox"/> Pafwa | <input type="checkbox"/> Souvan |                              |                                      |
| 15. Èske pitit ou mete son ansanm, tankou <i>an o, mama, gaga, babay, bada</i> ?                           | <input type="checkbox"/> Poko  | <input type="checkbox"/> Pafwa | <input type="checkbox"/> Souvan |                              |                                      |
| 16. Konbyen nan son konsòn sa yo pitit ou itilize apeprè: <i>ma, na, ba, da, ga, wa, la, ya, sa, cha</i> ? | <input type="checkbox"/> Okenn | <input type="checkbox"/> 1–2   | <input type="checkbox"/> 3–4    | <input type="checkbox"/> 5–8 | <input type="checkbox"/> plis pase 8 |

## Mo

- |  |                                |                                |                                 |                                |                                       |
|--|--------------------------------|--------------------------------|---------------------------------|--------------------------------|---------------------------------------|
| 17. Apeprè konbyen mo diferan ou rekonèt pitit ou itilize avèk siyifikasyon (tankou <i>baba</i> pou bibwon; <i>gagi</i> pou toutou)? | <input type="checkbox"/> Okenn | <input type="checkbox"/> 1–3   | <input type="checkbox"/> 4–10   | <input type="checkbox"/> 11–30 | <input type="checkbox"/> plis pase 30 |
| 18. Èske pitit ou mete de mo ansanm (pa egzanp, <i>plis bonbon, babay Papi</i> )?  | <input type="checkbox"/> Poko  | <input type="checkbox"/> Pafwa | <input type="checkbox"/> Souvan |                                |                                       |

## Konprann

- |  |                                |                                |                                 |                                |                                       |
|--|--------------------------------|--------------------------------|---------------------------------|--------------------------------|---------------------------------------|
| 19. Lè ou rele non pitit ou, èske li gade w oswa li vire nan direksyon w pou li reponn ou?   | <input type="checkbox"/> Poko  | <input type="checkbox"/> Pafwa | <input type="checkbox"/> Souvan |                                |                                       |
| 20. Konbyen mo oubyen fraz diferan apeprè pitit ou konprann san jès? Pa egzanp, si ou di “kikote vant ou ye,” “kikote papa ye,” “ban m boul la,” oswa “vin isit,” san w pa montre ni lonje dwèt, pitit ou ap reponn kòm sadwa. | <input type="checkbox"/> Okenn | <input type="checkbox"/> 1–3   | <input type="checkbox"/> 4–10   | <input type="checkbox"/> 11–30 | <input type="checkbox"/> plis pase 30 |

## Sèvi ak Objè

- |   |                                |                                |                                 |                                   |                                      |
|---|--------------------------------|--------------------------------|---------------------------------|-----------------------------------|--------------------------------------|
| 21. Èske pitit ou montre ou li enterese jwe avèk divès kalite objè?   | <input type="checkbox"/> Poko  | <input type="checkbox"/> Pafwa | <input type="checkbox"/> Souvan |                                   |                                      |
| 22. Apeprè konbyen nan objè annapre yo pitit ou itilize kòm sadwa: gode, bibwon, bòl, kiyè, peny oswa bwòs, bwòs dan, gan twalèt, balon, jwèt machin, jwèt telefòn? | <input type="checkbox"/> Okenn | <input type="checkbox"/> 1–2   | <input type="checkbox"/> 3–4    | <input type="checkbox"/> 5–8      | <input type="checkbox"/> plis pase 8 |
| 23. Apeprè konbyen blòk (oswa bag) pitit ou anpile?   | <b>Anpile</b>                  | <input type="checkbox"/> Okenn | <input type="checkbox"/> 2 blòk | <input type="checkbox"/> 3–4 blòk | <input type="checkbox"/> 5 oswa plis |
| 24. Èske pitit ou fè tankou l ap jwe avèk jwèt (pa egzanp, nourri yon nounous, mete yon poupe dòmi, mete yon figi bèt nan yon machin)?                              | <input type="checkbox"/> Poko  | <input type="checkbox"/> Pafwa | <input type="checkbox"/> Souvan |                                   |                                      |

Èske w gen nenpòt enkyetid pou devlopman pitit ou an?  wi  non Si se wi, tanpri bay dekrripsyon sou lòt bò a.